

FICTIVE ANDALOUSE EN MA MEMOIRE

Nou resevwa dènye rekèy powèm powèt Lenous (Nounous) Surprise-la ak youn bèl dedikas ki chatouye anba zèsèl nou. Se youn ranmase bèl powèm kache nan tiwa depi 1999 rive 2006. Fictive Andalouse en ma Mémoire nan edisyon Humanitas, se 4èm rekèy Nounous apre : En enjambant le vent; L'île en pages et Rouges cueillaison. ti liv la byen senp. 66 paj san ilustrasyon, men chak powèm yo s'oun lomeyans pou Andalouse k'ap flote kon lanj gadyen lasirèn dyaman nan memwa santiman powèt la:

<<Mésange légère
à la floraison de mon arbre flamboyant
elle accepte à l'occasion de s'y poser
brièvement pour un petit tour de branches
par surprise en chantant.>>

Epi apiye sou tibranch sa-a, l'ap dodinen nan labriz, chante youn pawoli ki mache nan san-l, sou youn rit pikotman chatouyman nan ren...Oun chofi ladoudous fant zòtèy... k'ap fè-l danse youn woulawoup nwaj anba van nòde, pou pousyè lapli wouze rev li tankou lawouze sou flè dizè:

<<Muets tambours qui la poussent
sans même les dévisager
à danser autour de mes songes
ses distractions sont un fleuve pour
cette nuit
et pour on ne sait quand dans le temps.

Tandis que flots convergent vers la terre
à travers mine basse de la hauteur
il pleuvine dans ma joie
une trompette s'amorce pour réveiller
les fauves qui dorment dans mes
rancioeurs.>>

Kouzen, Nounous konpliman! N'ap
tann vèsyon kreyòl-la kon tè sèk k'ap
tann lapli. **Jan Mapou**

NAN MIYAMI SWARE SOLIDARITE AK VIL CAP-HAITIEN

Samdi 22 Jiye te gen youn kokennchenn evennman kiltirèl nan Broward Performing Art Theater. Se Greater Fort Lauderdale Sister Cities International ki se youn òganizasyon benevòl e ki la pou devlope e konsolide zanmitay ant vil *Fort-Lauderdale* ak youn seri lòt vil nan lemond pou ogmante koperasyon global nan plizyè sektè. Youn nan 14 vil nan lemond ki se sè marasa *Fort-Lauderdale* se vil *Cap-Haitien* en Haiti . Gen lòt vil nan lemond tankou *Mar del Plata an Ajantin*, *La romana an Repiblik dominikèn*, *Haifa an Izrayèl*, *Panama City nan Panama*, *Margarita Island nan Venezwela ets....*

S'oun aktivite ki te fèt pou vil Kap Ayisyen nan youn pwogram ki rele *Sister City*. Sa *Sister City*-a vle di: Enben se youn vil Etazini ki mare sosis li ak youn lòt vil nan youn lòt peyi epi youn ap chache konnen lòt epi pataje resous onivo kiltirèl, ekonomik, edikasyon, espò, ospitalite, minisipalite...elatriye

Onivo imanite pa ekzanp si ta gen youn dezans natirèl vil ki se sè-a dwe ede jan li kapab swa pou li voye mounn vin pote sekou, voye medikaman, ekipman, fè tou sa li kapab pou li pote sipò bay sè li ki an difikilte

ANDRE FOUAD : YOUN POWET KI PWOMET

Nan Miyami, gen youn evennman atistik k'ap debobinen depi 21èm syèk la pwente e ki merite pou nou souliyen. Teyat ki te an agoni reparèt anpenpan ak 2 pyesteyat Sosyete Koukouy: Libète ou Lanmò (2004) (Otè: Jan Mapou); Lanmò Jozafa (2005) (Otè: Jan Mapou), Endependans 2004 (Otè: Bob Lapierre alyas Doktè Pardo) . Nan domèn pwezi, powèt eklate kon dyondyon. Liv ak CD ap bibliye alaminit. Powèt yo reyini an senak, nan sware kiltirèl, nan restoran, nan kafe epi pwezi, bon pwezi koule litlit tankou kafe nan grèp.

Anyen pa eklate konsa-konsa optibonè. Gen youn rezon, gen sikonstans ki lakòz. Nan domèn literati ayisyen-an espesyalman literati natif-natal la, nou jwenn nan ane 50-60 yo powèt tankou Emile Celestin-Mégie(Togiram), Moriso Lewa, Rassoul Labouchin, Emile Roumer, Jacques Lenoir, Koukouy yo ki t'ap prepare teren-an. Se gid powèt sa yo ye. Wòl modèl. Se yo ki te pote ti lanp tètgridap pou klere chemen literati kreyòl-la.

Jounen jodi-a, youn lòt jenerasyon powèt, womansye, dizè...pèse. Alimètbengal bèl pawoli sa-yo eklate nan Miyami apre premye ane mwa eritaj ayisyen-an nan ane 2000. Se grasa *Emeline Alexis*, youn fanm dinamik ki te responsab zafè kominotè nan biwo majistra Alex Penelas ki te pran inisyativ la. Li te òganize youn seri sware pwezi nan "Café Nouveau" e depi tan sa-a, detanzantan, sware festi-pwezi nan Sant Kiltirèl Mapou, Marabou Café, epi jounen jodi-a<<Le petit Restro>>. Powèt yo sanble chak jedi osnon vandredi, fi kou gason nan youn anbyans zanmitay. Y'ap deklame bèlte ak richès soufrans ak doulè peyi D'Ayiti.

Ti Restro sa-a s'oun ti kwen byen senp, estil kafe literè ki ka pran 10 mounn alèz, 20 nan kwense. Sa fè nou sonje epòk Moriso-Lewa nan mòn èkil kote entelektyèl tankou Georges Castera, Sr. ; Jacques Lenoir, Jacques Alexis te konn ap triye ti *kawolus* pwezi, teke grenn mo, mitonnen fraz pwetik, pataje twouvay literè antre yo pou youn literati wòdpòte.

Jounen jodi-a s'oun lòt jenerasyon. Youn jenerasyon tounèf. Gen nan yo k'ap fleri outadi pye flambwayan k'ap simaye flè wouj repozwa nan mwa me. Se nan anbyans wololoy sa-a, powèt André Fouad te sanble ak kèk zanmi, powèt, ekriven, mizisyen, aktè, gitaris chanté pou lanse 4-èm rekèy powèm li: ETENSEL MO M YO. Jou Jedi 13 Jiyè sa-a, Ti Restwo krake. Mounn sou mounn debake. Mwatye kanpe. Mwatye chita. Bonkou blije ret dèyò ak youn odè fritay k'ap satouyèt twou nen yo. Ron Dukonel prezantè-a, youn nan powèt nouvo jenerasyon-an tonbe teke bèl mo, bèl pawòl pou depoze zanmi-powèt André Fouad nan de plamen piblik-la.

Vant siyati ETENSEL MO M YO youn siksè plis foul. Powèm yo se powèt la tou pi. Senp... chaje ak gangans pwetik. Teknik pwezi André Fwad yo chita sou son, kadans mo pase kon flonn., sifle bò zòrèy kou labriz nan fèy kokoye. ETENSEL MO M YO s'oun boulsenlo, fonn nan bouch ; youn grap kenèp ladouskivyen, k'ap glise youn mesaj pou lapanse.

Nou prezante konpliman nou bay powèt André Fouad. Nou ankouraje sware festi-pwezi sa yo ki pral debouche sou sa nou ka rele deja <<21èm syèk Pwezi D'Ayiti nan Miyami.>>

Onivo kiltirèl, se la li pi bèl. De vil sa yo gen dwa pataje mizik, sinema, dans, chante, penti, tou kalite atizay. Nan nivo ekonomik, yo ka òganize fowòm ekonomik pou chache mwayen pou yo devlope osnon ankouraje devlopman ekonomik ant de vil sè yo.

Nan domèn edikasyon gen dwa gen bous detid, depasman etidyan pou vin aprann kilti, jan mounn yo ap viv, patwone lekòl osnon libreri ak bibliyotèk. Epi fè echanj entènasyonal ak kompetisyon espòtif.

Kidonk, Samdi se te vil Fort-Lauderdale ki t'ap resevwa vil sè li Cap-Haitien. Majistra-a Okap-la te la. Se te youn katafal evennman. Youn reprezantasyon kiltirèl deklas pou te ranmase lajan pou vil Okap. Grasa Loulou Noisin ki ap bati youn invèsite Okap e ki se youn manm enpòtan nan komite-a kat tanbourinè Sosyete Koukouy te patisipe nan konsè-a ki te fè ak mizisyen etranje

senpman. Tanbouye Ayisyen yo entèprete de moso senpman e youn ladan yo se te <Cité du Cap-Haitien>. Mizik la te sou vyolon ak tanbou folklorik. Youn maryaj ki fè Ayisyen nan sal la baba. Se te youn mèvèy. M'si fòk Roger Colas souri nan lye verite-l pou li wè jan Gran mèt mizik klasik yo t'ap entèprete mizik Septen-an. Sal la te chaje ak etranje. Malerezman patisipasyon Ayisyen-an te trè chich. Nou pa te wè konsil Ayisyen-an men ansyen premye minis Gérard Latortue te la tèktègèdèk. Nou remake tou majistra Okay la ki te chita jouk dèyè nèt pa te menm al renmèsye osnon remèt youn ti kado souvni bay sè li *Fort-Lauderdale*....Si sa te fèt mwen dwe t'ap kabicha, n'a eskize-m.

Nou salwe patisipasyon Ti Wouj, ti Tonton, Pascal ak Fatal nan senfonni klasik sa-a ki mete 4 tanbourinè yo nan youn nivo entènasyonal e istorik. Nou salwe patisipasyon gitaris Ernst Registre ak okès li ki te resevwa envite yo ak mizik klasik e folklorik sou gita

jan mapou

KIKI WAINWRIGHT FE DEKABES AK CD : <KAYIMIT VYOLET> & <INTEMPERIES>

Frantz KIKI WAINWRIGHT Sèvi piblik 2 albòm Do pou Do: **Kayimit Vyolet** youn koleksyon bèl chante angaje nan youn militans ki pa janm faya. Dezyèm nan se youn koleksyon pi bèl pwezi franse li yo sou tit: **Intempéries**. Aktè *Max Kenol* ak otè-a *Kiki Wainwright* di powèm yo sou *CD-a* nan youn aranjanman mizikal wololoy. Men youn lòt tranch nan youn kokennchenn atik *Gérard Campfort*, powèt, filozòf diplomé nan *Université de Paris I Sorbonne ekri sou powèm Kiki yo:*

...**Voir première partie: HEM 6-13-06**

Dès la page 6, deux vers nous rappellent une vérité qui semble aller de soi , tant elle est ordinaire :

"*Pas de bonheur quand le malheur est immense*"

"*Pas de joie quand la peine est grande*".

Il faut ne pas penser à ces sentiments comme s'ils étaient d'ordre personnel, car il serait pratiquement impossible qu'il y ait le moindre bonheur à côté d'un immense malheur... Mais si l'on restitue ces deux vers à leur contexte, on se rend compte que Kiki Wainwright parle d'une réalité sérieuse et pour des gens en mesure d'en prendre conscience. En Haiti actuellement, le fossé entre les riches et les pauvres est devenu d'autant plus vertigineux et scandaleux qu'ils vivent dans la proximité les uns des autres.

Est-il concevable pour un être humain digne de ce nom de se vautrer dans l'opulence et le luxe avec la conscience tranquille lorsque tout à côté des enfants meurent littéralement de faim, des familles entières vivent dans le dénuement le plus complet, matériel et moral. Pourtant, nous sommes aujourd'hui à un tel stade de déchéance, de prostitution des valeurs humaines que ce qui aurait dû être inacceptable paraît normal dans notre pays. Et le pire, c'est que ceux qui ont la responsabilité de conduire les affaires de l'Etat, qui ont été élus pour servir et guider sont précisément ceux qui se font le plus remarquer dans cette situation de déchéance, avec une absence de scrupule aussi déconcertante que *l'arrogance des mauvaises herbes*.

Dans le fond, *l'arrogance des mauvaises herbes* forme un tout indissociable avec l'absence de scrupule qui consiste, de la part de nos dirigeants politiques, à détourner les fonds publics et à administrer le pays comme de vulgaires bandits. Le poète s'écrit, toujours dans le poème de la page 6 :

"*pas de paix / l'impunité / chronique / voulue / acceptée*

... mais la tempête des foules est plus forte que le silence du poète..."

Ces vers nous frappent brutalement, tant ils sont lourds de vérité. Essayons de comprendre ce qui est dit ici poétiquement. L'insécurité règne dans notre pays, cela beaucoup de gens le savent. Il y en a qui ont intérêt à le nier et à le démentir. Mais les faits sont là qui valent mieux d'ailleurs que toutes sortes de paroles. L'insécurité règne dans notre pays, mais elle ne date pas d'aujourd'hui. Elle a traversé le temps, en prenant de l'épaisseur et de la densité, en raison de quoi elle est, comme *l'impunité, chronique*.

Pourquoi cette insécurité et cette impunité chroniques sont-elles à la fois voulues et acceptées ? (A SUIVRE)

Dr. Gérard Campfort

Nòt: N'ap jwenn toulede CD Kiki Wainwright yo nan Libreri Mapou 305-757-9922

5919 NE 2nd Av. Miami FL 33137